

Sèvi avèk Lespri a

Pa Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

***Annou fè kèlkeswa sa ki nesèsè pou kalifye nou pou n gen Sentespri a kòm konpayon nou.***

Mwen rekonesan pou opòtinite sa a nou genyen pou n se yon moun ki onore pa Bondye pou detni Prèttriz la. Nou aple pou itilize pouvwa diven pou sèvi pitit Papa nou ki nan syèl la. Fason nou reponn ak obligasyon sa a ap gen konsekans etènèl pou moun nou aple pou sèvi yo, pou nou menm, ak pou jenerasyon ki poko fèt yo.

Avèk anpil reverans mwen sonje de detantè prèttriz ki te kalifye yo pou Lespri Bondye te ale avèk yo nan misyon Senyè a te aple yo. Yo te jwenn levanjil retabli a yo menm an Amerik. Yo sete sèvitè Senyè a ki te premye pale de levanjil sa a avèk de nan zansèt Ewopeyen mwen.

Youn nan zansèt sa yo sete yon tifi ki t ap viv sou yon ti fèm nan Lasuis. Lòt la sete yon jèn gason, yon òfelen ki te soti Almay imigre Etazini e ki t ap viv nan St. Louis Missouri.

Yo toude te tande yon detantè prèttriz temwaye konsènan levanjil retabli a---pou tifi a sete bò chemine nan ti kay li a nan Lasuis, epi pou tigason an sete pandan l te chita sou balkon yon ral yo te lwe an Amerik. Toulède te konnen pa Lespri a ke mesaj eldè sa yo te pote pou yo a te vrè.

Ti gason ak tifi a te chwazi pou yo batize. Yo de a te rankontre premye fwa sou yon wout plen pousyè, pandan yo t ap pakouri santèn kilomèt rive sou montay zòn lwès Amerika. Yo t ap pale sou tout wout la konsènan yon benediksyon mirakile: pami tout moun nan mond lan, sèvitè Bondye yo te jwenn yo. E sa k te pi mirakile a sèke yo te konnen mesaj la te vrè.

Yo te tonbe damou epi yo te marye. Epi gras ak temwayaj Lespri a, ki te kòmanse lè yo te tande pawòl detantè prèttriz yo anba enflyans Sentespri a, yo te sele pou letènite pa pouvwa prèttriz la. Mwen pami dizèn milye desandan ti gason sa a ak tifi sa a ki beni non de detantè prèttriz yo ki te pote enflyans Lespri Bondye a avèk yo pandan yo t ap monte sou yon mòn nan Lasuis epi pale nan reyinyon sa a nan St. Louis a.

Bèl istwa sa a, ak dè milyon lòt tankou li, repete nan tout mond lan e ap kontinye repete jenerasyon apre jenerasyon. Pou kèk moun se ap istwa yon jèn enstriktè nan fwaye ki te jwenn pawòl pou reveye dezi nan granpapa nou pou l retounen legliz la. Pou kèk lòt se ap pawòl konsolasyon ak benediksyon yon patriyach ki te soutni manman nou lè kalamite te preske anglouti li.

Pral gen yon tèm komen nan tout istwa sa yo. Se pral pouvwa yon prèttriz la mam upm detantè ki te gen pouvwa li mayifye pa Sentespri a.

Epi konsa, mesaj mwen pou nou aswè a se sa a: an nou fè tout sa ki nesèsè pou kalifye nou pou Sentespri a rete kòm konpayon nou tout tan epi apresa an nou avanse san krent pou nou kapab resevwa pouvwa pou fè nenpòt sa Senyè a aple nou pou n fè. Ogmantasyon pouvwa pou sèvi sa a ka vini dousman, li ka vini nan tikal etap ki difisil pou nou wè, men l ap vini.

Aswè a, m pral bay kèk sigjesyon sou jan pou nou kalifye pou resevwa Sentespri a antanke yon konpayon nan sèvis nou nan prèttriz la. Apresa, m ap bay kèk egzanp sou sèvis prèttriz kote nou ka atann pou n wè pouvwa nou pou sèvi ranfòse pa enfliyans Lespri a.

Kounyeya, nou tout konnen ke konfimasyon nan legliz la te ba nou don Sentespri a. Men konpayi Sentespri a, manifestasyon li nan lavi nou ak nan sèvis nou, mande pou nou mete lòd nan lavi nou pou n ka kalifye pou li.

Nou devlope don espiyèl yo nan respekte kòmandman yo ak nan eseye viv yon lavi san repwòch. Sa mande lafwa nan Jezikri pou repanti epi vin netwaye atravè Ekspyasyon li a. Konsa, antanke detantè prèttriz nou pa ta dwe janm rate yon opòtinite pou patisipe avèk tout kè nou nan pwomès ki ofri nan chak reyinyon Sentsèn pou manm Legliz retabli a pou: “pote non Pitit Gason [Bondye a] sou yo, toujou sonje li epi respekte kòmandman l yo li te ba yo; pou yo kapab toujou gen Lespri l avèk yo.”<sup>1</sup>

Menmjan nou dwe netwaye anba peche pou n gen Lespri a avèk nou an, konsa tou nou dwe enb ase devan Bondye pou rekonèt ke nou bezwen li. Disip Sovè resisite a te demontre imilite sa a jan Liv Mòmmon an rapòte sa a.

Sovè t ap prepare pou ministre yo. Yo te mete ajenou atè a pou yo te priye. Men rès istwa a: “Epi, yo te priye pou sa yo te bezwen plis; e yo te vle pou yo ta resevwa Sentespri a.”<sup>2</sup> Yo te batize menmjan avèk nou. Epi resi a rapòte ke, an repons ak siplikasyon yo, yo te ranpli ak Sentespri a epi avèk dife.

Sovè a te priye byen fò pou remèsye Papa li paske li te bay tout moun li te chwazi yo Sentespri a akòz yo te kwè nan li. E apresa Sovè a te priye pou yon benediksyon espiyèl pou moun yo t ap sèvi yo. Senyè a te sipliye papa li: “M priye w pou w bay tout moun ki kwè nan pawòl moun sa yo Sentespri a.”<sup>3</sup>

Antanke enb sèvitè Senyè a, nou ta dwe priye pou manifestasyon Sentespri a vizite nou nan sèvis nou ak moun n ap sèvi yo. Enb priyè nou adrese Papa nou ki nan Syèl la, avèk lafwa pwofon nan Jezikri, esansyèl pou kalifye nou pou Sentespri a rete kòm konpayon nou.

Imilite nou ak lafwa nou ki envite don espiyèl yo ap ogmante lè nou li, etidye ak medite sou ekriti yo. Nou tout te tande pawòl sa yo. Men nou petèt li kèk fraz oswa kè paj nan ekriti yo chak jou epi nou espere ke sa ap ase.

Men li, etidye ak medite se pa menm bagay. Nou li pawòl yo epi nou petèt jwenn kèk ide. Nou etidye e nou petèt dekouvri modèl ak koneksyon nan ekriti yo. Men lè nou medite, nou envite revelasyon Lespri a. Medite, pou mwen menm, se panse ak priye m fè apre lekti ak etid atantif nan ekriti yo.

Pou mwen menm, Prezidan Joseph F. Smith te tabli yon egzanp sou fason meditasyon ka envite limyè ki soti nan Bondye. Sa ekri nan seksyon 138 Doktrin ak Alyans yo. Li t ap li ak etidye anpil ekriti, pandan l t ap eseye konprann kijan efè Ekspyasyon Sovè a t ap rive jwenn moun ki te mouri san yo pa t janm tande mesaj li a. Men resi sou fason revelasyon te vini: “Pandan m t ap medite sou bagay sa yo ki te ekri yo, je konpreyansyon m te louvri, epi Lespri Senyè a te repoze sou mwen, epi m wè pakèt mò yo, ni piti yo ni gran yo.”<sup>4</sup>

Repantans, priyè, ak medite sou ekriti yo se pati esansyèl nan kalifikasyon pou don Lespri yo nan sèvis nou nan prèttriz la. Nou pral jwenn plis pouvwa pou sèvi lè nou reponn avèk lafwa pou avanse nan apèl nou yo avèk Sentespri a pou ede nou.

Prezidan Monson te di sa nan fason sa a pou nou: “Kisa sa vledi pou nou mayifye apèl [nou]? Sa vledi ogmante diyite nan apèl nou . . . elaji ak fòtifye li pou kite limyè syèl la briye atravè li pou lezòm kapab wè. Epi kijan yon moun mayifye yon apèl? Sepleman nan akonpli sèvis ki gen pou wè avèk li.”<sup>5</sup>

M ap sigjere de sèvis ke nou tout aple pou founi. Nan akonpli yo sou enfliyans Lespri a, nou menm avèk lòt yo pral wè pouvwa nou pou sèvi, fòtifye ak mayifye.

Premye a se kòm ajan li pou anseye ak rann lòt moun temwayaj pou li. Senyè a enkli detantè Pètriz Aawon ki pi jèn yo ak sa ki mwens eksperimante yo nan apèl pou sèvi sa a. Apre l fin dekri devwa detantè Prètriz Aawon yo, li te di:

“Men ni enstriktè yo, ni dyak yo pa gen otorite pou yo batize moun, pou administre sentsèn nan, oubyen pou fè enpozisyon men;

“Sepandan, yo dwe avèti, eksplike, egzòte, ak anseye, epi envite tout moun vin jwenn Kris la.”<sup>6</sup>

Yon kote nan mond lan semèn sa a, pral gen yon dyak ke prezidan kowòm ni pral mande pou l envite yon manm kowòm ni ke l pa janm wè nan yon reyinyon. Prezidan nan laj trèzan an pwobableman pa pral itilize mo “avèti, egzòte, ak anseye” men se sa Senyè a ap atann nan men yon dyak ki gen manda pou ale pote sekou.

Pou dyak la ki resevwa apèl la pou al chèche manm kowòm ni an, m ap fè twa pwomès. Premye a, lè ou priye pou èd, Lespri a ap kalme krent ou. Dezyèm nan, ou pral etone wè ke ou konnen kisa pou w di lè ou rive lakay li ak pandan w ap mache avèk li tounen vin legliz la. Sa ou di yo kapab pa sanble gen sans pou ou. Men w ap santi ke ou te resevwa pawòl yo nan moman menm ou te bezwen yo a. Epi, twazyèm nan, w ap santi apwobasyon Senyè a, ki te aple ou atravè prezidan w lan, kèlkeswa rezilta a.

M pa ka pwomèt ke ou pral jwenn siksè paske chak moun lib pou chwazi fason yo reponn yon sèvitè Bondye. Men dyak ou pale avèk li a pou Senyè a pral sonje ou te vin kote l. Mwen konn yon tigason, kounyeya yon mesye ki toujou inaktif nan Legliz la, ke yon te voye yon dyak al chèche, epi li te pale granpapa l de vizit sa a ki te fèt ventan desa. E sete kòm si sa pa t gen okenn efè sou li men, li te menm site non dyak ki te vini an. Granpapa a te mande m pou m te chèche dyak la ki te aple pou envite, egzòte ak anseye a pou te remèsye li. Sete sèlman yon jou nan lavi yon tigason, men yon granpapa ak Senyè a sonje pawòl tigason an te jwenn enspirasyon pou l te di yo ak non tigason an.

Mwen ankouraje nou tout, jèn ak vye, ki aple pou pale nan yon reyinyon nan non Senyè a, pou simonte santiman dout ak enkapasite nou yo. Nou pa oblije itilize mo save oswa eksprime ide ekstraòdinè. Pawòl temwayaj senp ap sifi. Lespri a ap ba nou pawòl pou nou pale yo epi l ap depoze yo nan kè moun enb k ap chèche verite nan men Bondye yo. Si nou kontinye eseye pale pou Senyè a, n ap etone yon jou pou n aprann ke nou te avèti, egzòte, anseye ak envite avèk èd Lespri a pou beni lavi lòt moun, avèk pouvwa ki depase pa nou.

Anplis apèl pou anseye a, Senyè a ap voye nou tout al pote sekou bay moun ki nan bezwen yo. Sa se yon lòt sèvis nan prètriz la kote nou pral santi enfliyans Lespri a ogmante pouvwa nou pou sèvi. Nou pral reyalize ke nou gen plis kapasite pou rekonèt soufrans ak enkyetid sou vizaj moun. Non oswa vizaj moun nan kowòm nou pral vin nan lespri nou avèk enpresyon ke yo nan bezwen.

Evèk yo resevwa santiman sa a lannuit ak chak fwa yo chita sou chè a ap gade manm nan pawas yo oswapanse sk moun ki pa la yo. Yo ka santi sa lè yo nan zòn yon lopital oswa yon sant sante. Plizyè fwa m konn tande pawòl sa yo lè m te antre nan pòt yon lopital: “M te konnen ou t ap vini.”

Nou pa bezwen enkyete pou konnen bagay egzak pou nou di oswa fè lè nou rive. Lanmou Bondye ak Sentespri a ap sifi. Lè m te jèn gason m te pè pou m pa t konn kisa pou m te fè oswa di pou ede moun ki nan bezwen.

Yon fwa, m te lopital bò kote papa m pandan l te sanble li ta pral mouri. M te tande gwo bri nan mitan enfimyè yo nan koulwa a. Toudenkou, Prezidan Spencer W. Kimball te antre nan chanm lan epi l te chita sou yon chèz nan lòt pwent kabanm nan anfas mwen. M tepanse: “Kounyeya m gen yon chans pou obsève ak tande yon moun ki maton nan ale vè moun ki nan lapenn e ki ap souffri.

Prezidan Kimball te di kèk mo salitasyon, li te mande papa m si l te resevwa yon benediksyon prèttriz, epi apresya, lè papa m te di l ke l te resvwa youn, pwofèt la te retounen chita nan chèz li.

M t ap tann yon demonstrasyon sou talan li pou konsole ke m te santi m pa t genyen e ke m te bezwen anpil. Apre petèt senk oswa dis minit m t ap gade de mesye yo ki te senpleman ap souri an silans youn bay lòt, m te wè Prezidan Kimball leve epi l te di, “Henry, mpanse m prale anvan nou fatigue.”

M tepanse ke m te rate leson an, men li te vini apre. Nan yon moman trankil avèk papa m apre li te refè ase pou l te retounen lakay li, nou te vin pale sou vizit Prezidan Kimball la. Papa m te di trankilman, “Nan tout vizit m te resevwa yo, vizit sa a li te rann mwen an te pi rekonsòlasyon.”

Prezidan Kimball pa t di anpil pawòl rekonsòlasyon, omwen m pa t tande anpil, men, li te vini avèk Lespri Senyè a kòm konpayon li pou bay rekonsòlasyon a. M reyalize kounyeya ke li t ap demontre leson Prezidan Monson te anseye a: “Kijan yon moun mayifye apèl li? Senpleman nan akonpli sèvis ki gen pou wè avèk li.”

Sa vrè kit nou aple pou anseye levanjil la pa Lespri a oswa ale avèk Sentespri a kote moun ki gen jenou febli ak men pandye yo.<sup>7</sup> Sèvis nou nan prèttriz la ap fòtifeye, moun ap beni, e limyè syèl la pral la. Limyè syèl la pral klere nou ak moun n ap sèvi yo. Nou gen dwa vn fatigue. Pwòp difikilte pa nou ak pa fanmi nou ka parèt gwo. Men, gen yon benediksyon ankourajman pou moun k ap sèvi sou enfluyans Lespri a.

Prezidan George Q. Cannon te pase pa anpil soufrans, opozisyon, ak eprèv nan ane sèvis li yo nan prèttriz la. Li te fè eksperyans avèk Sentespri a tou kòm konpayon li nan moman difikilte ak sèvis difisil yo. Sa asirans pou nou nan sèvis nou nan prèttriz la, nan Legliz la ak nan fanmi nou. Pou mwen menm, pwomès la te reyèl lè m te santi Lespri a nan sèvis mwen nan prèttriz la. “Nenpòt lè tenèb anvayipanse nou, nou ka sèten ke Lespri Bondye a pa nan nou . . . Lè nou ranpli ak Lespri Bondye a nou ranpli ak lajwa, lapè, ak kè kontan, kèlkeswa sitiyasyon n ap viv la; paske li se yon espri optimis ak kè kontan. Senyè a ba nou don Sentespri a. Nou gen privilèj pou pouvwa Sentespri a rete avèk nou, pou ke depi maten rive jis aswè nou ka gen lajwa, limyè ak revelasyon li pote.”<sup>8</sup>

Nou ka al chèche benediksyon kè kontan ak lajwa sa a pou l vini lè nou bezwen li pandan moman difisil yo nan sèvis fidèl nou nan prèttriz la.

Mwen temwaye ke Bondye aple nou pa pwofesi. Sa a se vrè Legliz Jezikri a ki te retabli pa Pwofèt Joseph Smith. Bondye vivan e li tande tout priyè nou. Jezi se Kris resisite a ak Sovè nou. Nou ka konnen bagay sa yo vrè pa pouvwa Sentespri a ki ap vin jwenn nou nan sèvis nou. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Doktrin ak Alyans 20:77.
2. 3 Nefi 19:9.
3. 3 Nefi 19:21.
4. Doktrin ak Alyans 138:11.
5. Thomas S. Monson, “Priesthood Power,” *Liahona*, Jan. 2000, 60.
6. Doktrin ak Alyans 20:58–59.
7. Gade Doktrin ak Alyans 81:5.
8. George Q. Cannon, in Brian H. Stuy, comp., *Collected Discourses Delivered by President Wilford Woodruff, His Two Counselors, the Twelve Apostles, and Others*, 5 vols. (1987–92), 4:137.